



**FÈY ENFÒMASYON SANTE PIBLIK**  
Komisyon Sante Piblik Boston  
Divizyon Kontwòl Maladi Atrapan  
1010 Massachusetts Avenue  
Boston, MA 02118  
Telefòn: 617-534-5611 Faks: 617-534-5905

# Kolera

## **Kisa kolera ye?**

Kolera se yon maladi ki koze pa yon bakteri, e maladi sa a ka koze gro dyare ak dezidratasyon nan moun ki atrape-l.

## **Ki jan yon moun ka trape kolera?**

Yon moun ka trape kolera lèl bwè dlo ou manje nouriti ki kontamine avèk bakteri ki koze kolera. Dlo ka vin kontamine avèk matyè fekal yon moun ki pote jèm kolera oswa avèk egou ki pa trete. Manje yo ka vin infekte swa avèk dlo ki kontakine ak bakteri ki bay kolera, swa pa yon moun ki infekte e ki kembe manje a ak men-l. Lè gen yon epidemic, maladi sa ka repann trè vit nan zòn kote egou yo avèk dlo potab pa byen trete. An jeneral, maladi sa a pa transmit de yon moun a yon lòt dirèkteman. Konsa, simp kontak ak yon moun ki infekte pa poze yon risk

## **Ki sentòm kolera?**

Ampil fwa, moun ki kontamine ak kolera ka gen ti sentòm trè fèb ou yo ka pa santi okenn sentòm; kèk fwa tou maladi sa a ka trè serye. Men sentòm yo: diare (vant Mennen), vomisman, kramp nan janm. Sa ka koze yon moun pèdi dlo nan kò-l e vin dezidrate rapidman

## **Konbyen tan li pran aprè enfeksyon pou sentòm parèt?**

Lè yon moun enfekte, li ka pran ant kèlke zè juska 5 jou pou sentòm parèt apre enfeksyon. An jeneral, sentòm yo komanse parèt ant 2 a 3 jou.

## **Ki sa w-ta dwe fè si toutfwa m-panse mwen enfekte ak kolera?**

Si ou ta panse ke ou gen kolera, se pou-w chache swen medical imediatman. Dezidratasyon ka rive rapidman; pou tèt sa remplace likid nan kò-w enpòtan ampil.

## **Kòman pou rekonèt (diagnostike) yon ka kolera?**

Pou fè tès kolera, Doktè kolekte yon ti matyè fekal epi voye-l nan laboratwa pou depiste bakteri ki bay kolera.

## **Ki trètman ki genyen pou kolera?**

Kolera kapab trete avèk siksè sèlman lè yon moun ranplase dlo ak sèl (sodyòm) li pèdi lè-l gen dyare. Malad yo kapab suiv trè avèk reidratasyon oral (nan bouch), yon solisyon ki déjà prepare avèk yon melanj dlo, sik, e sèl. Yo itilize solisyon sa a tout kote nan mond la pou trètman kont kolera. Pou ka ki konplike yo, sa egziye seswòm nan vèn. Antibiotik diminye kous maladi a avèk severite-l, men yo pa osi enpòtan kon reidratasyon.

### **Ki jan m-ka enpeche-m trape kolera?**

Kolera trè ra nan Pei Eta Zini; men maladi sa a trè kouran nan kèk lòt rejyon tankou Ozend e an kèk pei an Afrik. Depi kèk tan, nou jwen moun ki atrape kolera aprè yo fin vwayaje nan kèk nan karayib la (tankou an Ayiti ak Repiblik Dominikenn). Pou majorite moun kap vwayaje, risk pou yo trape kolera pa ogmante, men pou sa yo kap vwayaje kote ki gen anpil risk pou kolera, yo ta dwe pran anpil prekosyon. Malgre vaksen pou kolera pa disponib nan pei Eta Zini, vwayajè kapab diminye risk pou enfeksyon kolera si yo suiv konsèy sou kontwol sekirite manje avèk dlo:

- Avan tout vwayaj, pale avèk Doktèw sou preskripsyon antibiotik pou trete vwayajè ak dyare.
- Bwè dlo ki trete ak pwodwi chimik e ki nan boutèy, e bwason ki trete avèk kabonat e kin an boutèy. Lè-w itilize boutèy dlo, fè si ke boushon an pat devise ou ovè van sa.
- Pou desenfekte pwop dlo pa-w, bouyi-l pou yon minit, oswa filtre dlo a ak 2 gout klorox ou avèk yon mwatye tablet yodin nan yon lit dlo
- Pa itilize dlo la rivyè, nan fontèn, ou glas ki fèt ak dlo sa yo.
- Pa mete glas nan bwason pou bwè, a mwens ke glas la fèt ak dlo bouyi ou trete,
- Manje sèlman bagay ki byen kwit e ki ankò cho, oswa fwi ke ou menm ou prepare
- Piga ou manje okenn viann ki pa byen kwit, ni pwason, okenn fwi de mè.
- Fè si ke tout legim byen kwit. Pa manje salad, ou legim kri
- Pika ou manje o bwè nan men mashann kap vann nan lari
- Piga ou pote avèk ou fwi de mè vini O zeta Zini
- Lave men-w souvan avèk savon e dlo ki pwop, espesyalman avan ou prepare manje, oswa pran manje pou-w manje. Si ou pa gen dlo ak savon, itilize dezenfektan ki gen alkòl (60%)
- Itilize boutèy dlo ki trete avèk podwi chimi pou lave vessel, bwose dan-w, pou fè manje ou fè glas.
- Manje senpleman bakay (manje) ki enbale ou ki fèk kwit e ki ankò cho.

Yon konsèy byen senp, pou sekirite manje ak dlo, “bouyi-l, kwit li, wete po-l, osinon bliye sa.”

**Pou plis enfòmasyon, souple kontakte  
Biro Sante Piblik pou Vil Boston, Depatman Maladi  
Kontajiez nan  
(617) 534-5611 or [www.bphc.org](http://www.bphc.org)**